Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 21 (7265)
2017 сон 1 Май
Итни
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА **«САДОВОД»**

## Ихдалил ва ЗахIматалъул праздник




ХIурматиял ракьцоял!

Къабул гьабе ракI-ракIалъулаб барки Ихдалил ва ЗахIматалъул Къоялда хурхун!

Кин нилъеца гьелъул цIар хисаниги гьеб нилъее хутIула Ихдалил ва ЗахIматалъул гвангъараб праздниклъун. Гьеб кIиябго рагIул магIна кидаго цоцада бухьараб букIана. Ихдалалдаса байбихьула унго-унгояб гIумроялъул захIматалъулаб ритм, кидаго нилъ ралагьун рукIуна лъикIал хиса-басиязухъ, гьелде гьарула аницал, хьулал. Нилъеда ракI чIун лъала гIицIго тIадчIараб захIматалъ гурони букIинесеб гIуцIулареблъи. ЗахIматалъул гIадамаздехун бугеб хIурмат буго гьеб праздникалъул мурад.

Унсоколо районалъул гIадамазда кидаго бажарулаан гIаммаб ишалъе гIоло хIалтIун, жидерго бажари бугел квераз гIуцIана гьез нилъер гьайбатаб район, гьабуна гьеб берцинаблъун ва санагIатаблъун. Ихдалил захIматалъ кьола цIияб къуват, цолъизарула гIелал. Гьеб праздникалъ цебего гIадин цере рачуна захIматалъул гIадамал, ахIула цолъиялде ва гIуцIиялъулал къуватазде, гIаммаб ракълиде, талихIалде ва улка цебе бачиналъе кинабго гьабиялде.

Гьарула, Нужее, ракълилаб захIмат, щулиб сахлъи, щибаб рокъоб битIккей, ихдалилаб рекIел рохел. Биччанте бажариялъ ва букIинеселде божиялъ Нуж кидаго рехунтунгутIизе!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## «Счастье гор» ансамблялъе - бергьенлъи




МахIачхъалаялда рагIалде бахъана республикаялъул лъималазулгун-гIолилазул хореографическияб искусствалъул конкурс. Гьеб тIобитIулеб букIана кьурдабазул къоялда бухьинабун.

Аслияб мурадлъун конкурсалъул букIана махщел бугел гIолилал тIатинари, дагъистаниязулъ творческияб хIаракатчилъи борхизаби. Республикаялъул цIалулгун методикияб Централъ гIуцIараб гьеб конкурсалда гIахьаллъарал пана гьаруна нилъер кьурдухъабаз. Гьенир гIахьаллъулел рукIана 30 конкурсант. Конкурсалда I степеналъул диплом ва Гран-при щвана «народно-сценический танец» абураб номинациялда Унсоколо ХIасан МухIамадовасул цIаралда бугеб искусствалъул школалъул цIалдохъабазе. Гьез бихьизабуна «Весна» абураб армяназул кьурди. Ансамблялъул нухмалъулелллъун руго С. МухIамадгIалиева ва М. МухIамадов.

## Барка, Май!

ЗахIматхалкъалъухъе Май тIад буссанин
ТIогьол бахчабазда рухI лъелародай?
Ихдалил праздник чIаголъун анин
Улкаялда захIмат рикIкIинародай?!

ГIадамал рикIкIунел, рекIкIал рихунеб
Законалъул кодекс хIалтIиларoдай?!
Зазиде руссарал эбелал ракьал
Бокьун захIмат халкъалъ къачIалародай?!




## Княгиня О. Куликовская-Романова бихьаралъ пана гьаюна



Араб анкьалда Дагъистаналде ячIун йикIана княгиня Ольга Куликовская – Романова. Гьей ккола Гьелъул Императорскияб тIадегIанлъиялъул «Программа помощи России» благотворительнияб фондалъул Председатель. Жийго гьание ячIиналъул мурадалъул бицунаго гьелъ бихьизабуна жинца церего аницал гьарулел рукIанин Дагъистаналде ячIине, жиндирго кIудияв инсуца хъулухъ гьабулеб букIараб бакIалде щвезе.

-Эбелалдасан рагIун букIана дида мугIрузда бугеб гIумроялъул, гьеб дидаго бихьизе, лъазе бокьун букIана, киб араб дир эбелалъул лъимерлъи,- Дагъисталда гIумро гьабун вукIарав гIурус офицерасул,-абун бихьизабуна гьелъ.

Апрелалъул ахиралда княгиня О. Куликовская – Романова щвана АхIулгохIда гьабураб культуриябгун тарихияб мрамoралъ къачIараб комплексалде. «АхIулгохIалъул» гIаммаб тарихалъул гьалбадерие бицана муниципалиталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.

Проекталъул идеялъулаб рахъалъ тамашалъизаюн йикIана Ольга Куликовская – Романова ва гьелъ бихьизабуна АхIулгохIалъул понарамаялъ такрарлъулареб асаралде гъоркье кканин жий,-абун. «РакI барахщичIого гьадинал гьайбатал бакIал риххизаризе теракталъ гьарулел гIадамазда гIажаиблъула ва ракI гурхIизе бачIуна. Дагъистаналдаса лъикIаб асар щвезелъун гьаб такрарлъулареб берцинлъи цIунизе ккола,-ян тIадчIей гьабуна гьелъ. Гьелъ баркала загьир гьабиялъул хъвай-хъвагIай тана комплексалъул хIурматиял гьалбадерил пикраби толеб тIехьалда.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№21 (7265)*
*1 Май 2017*
*Итни*



26 апрелалда РДялъул Правительствалъул Председатель ГI. ХIамидов дандчIвана княгина Ольга Куликовская Романовагун. МугIрул улкаялда жиндие го гъабураб асаралъул бицана гьелъ Дагъистаналъул вакиласда



# Княгиня О. Куликовская-Романова бихьаралъ пана гьаюна



Гьелдасаги дагь гьечIеб асар гьабуна О. Романовалъе гьелъул кIудияв эмен рагъулав медиклъун хIалтIулев вукIарав Хунзахъ районалъул ГIарани крепосталъ. Гьединго Ольга Куликовская – Романова ва РДялъул национали-яб политикаялъул министр Татьяна Гамалей щвана гьеб районалъул Россиялъул халкъазул культураялъул ва гIадатазул Централде. Гьениб гьалбадерие хIадурун бугоан вальс гусаралгун цадахъ музыкалияб исцинировка.

Хунзахъ районалъул бетIер С. Юсуповас лъазабуна княгиня «Хунзахъ районалъул хIурматиял гражданинлъун» гьаюнин, кьуна къиматал сайгъатал, гьезда гьоркьоб буго хунздерил махщелчагIаз бессараб халича. Гьединго РДялда гьелъие хIурматалда кьуна Россиялъул ФСБялъул пограничнияб управлениялъул хIурматияб гIаламат.

Ольга Куликовская – Романовалъ бихьизабуна: «Дун кутакалда паналъун йиго ва кIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго дун Дагъистаналде къабул гьаюразе. -Нусгоялдаса цIикIкIун сон ана дир кIудияв эмен гьаниса аралдаса ва гьабсагIаталда къабул гьаюлеб куц дие буго унго-унголъунги доб заманаялда букIараблъун.

Гьелъ лъазабуна кIудияв инсул хIакъалъулъ лъалеб ва суратал ГIарани проекталда тезе хIадур йигин!

# ЦIалдохъабазгун дандчIвай

Гьал къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасухъе рачIун рукIана гIадатиял гурел гIадамал. Гьел ккола Рихьуни школалъул I0-II классазул цIалдохъаби, цадахъ рукIана Рихьуни росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, росдал школалъул учительзаби Р. ГIабдулвагьабова, Н. Тажудинова. Гьез ракI-ракIалъ баркана бетIерасда бакIалъулаб самоуправлениялъул Къо. ЦIалдохъабазул аслияб мурад букIана муниципалиял учреждениязде экскурсиял гьари.

ДандчIваялда гIахьаллъана бетIерасул замал М. ХIамзатов, М. ХIасанова, гIолилазул отделалъул нухмалъулев А. МухIастанов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаев ва гь. ц.

ГI. НурмухIамадовас цIалдохъабазда бицана бакIалъулаб самоуправлениялъул тарихалъул, масъалабазул. Гьенибго бетIерас цIалдохъабазда цIехана гIагараб ракьалъул тарих лъалищан. «Нужеда лъазе ккола нилъерго ракьалъул, умумазул. Гьездасан мисал босизе ккола нужеца, гьезул би буго нилъелъ, тIадегIанал имамазул наслабилъун рукIине ккола нилъер щивав. Дун божарав вуго нилъер районалъ жеги гьайбатал васал кьелин гIагараб республикаялъе ва улка цебетIезабиялъе»,-ян бихьизабуна хадубги бетIерас. Гьенибго гара-чIвари ккана ЕГЭялде хIадурлъиялда хурхун.

ЦIалдохъабаз ракI-ракIалъ баркала кьуна бетIерасе хинаб тIаде



къабул гьариялъухъ. Гьединал дандчIваял хадурккунги гьаризе хIадур вугин бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

ДандчIваялдаса хадур А. МухIастановгун цадахъ цIалдохъаби щвана райадминистрациялъул киналго отделазде, лъазаруна гьезул масъалаби, тIадал ишал.

М. Дахадаев гьавуралдаса - 135 сон

# ХIинкъи бугев студент

**(Байбихьи 13 -20 номеразда)**

МахIачида жив къорикье ккей бичIчIана. Опера лъугIун хадуб театралдаса къватIире рачIунез цIализеян чIвалеб букIана гьес гьениб листовка. Бихьулищха, тохлъана.

-Дур ццин щай бахъунеб? Дица гьаниб хъвараб жо цIалулеб букIана. Жеги спектакль лъугIичIеб куц буго,-ян хIалакинчIого, жинда щибго лъалареблъун хIазе лъугьана МахIач.

Гьениб гьабулеб жо жанисан полициясда бихьулеб букIана. Гьанже гьесда полициясул дагьабги ццим бахъана ва цабиги къерщезарун хIободаса тIун листовка бадибе гьесадизабуна;

-Нич гьечIев мунапикъ! Аллагь гьечI! Большевик!. Гьанже ворчIиларо дир кверзукьа мун,-ян ццидал цIураб цIадул гIор циндаго чвахун бачIана МахIачиде.

Палицияс пальтоялъул кисинибе квен бегьана ва гьениса кверазда ралел маххал къватIире рахъана.

-Гьанире ккве кверал, хIарамзада!-ян нахъойги хъудана гьев. Щиб гьабилеб? Кодор листовкаби ратани, къвакIараб тамихIалдаса ворчIизе рес букIинареб. Ургъизе заман букIинчIо. Кинабго жо секундазда бараб букIана. МахIачил гьурмаде хIалуцараб би кьабизе лъугьана ва ботIролъ расандулел пикраби цойиде кIутIизе кIолел рукIинчIо:

«Спектакль лъугIизегIан кинго чIезе бегьуларо. Гьеб мехалда полициясе кумек щвезе буго. Тункун гьевги рехун лъутани, хадуб ахIи-хIур бахъина. Сундасан байбихьилеб?! Рес къотIараб бакIалде ккун буго иш».

МахIачица пикру гьабуна гьесда цадахъ ине ва санагIат ккараб бакIалдасан лъутизе. Полициияс цогидал гьалмагъзаби кумекалъе ахIизе бегьиялда ва гьевги ярагъ кодоб бугев, саламатав чи вукIиналда МахIач ургъулев вукIинчIо.

-Кверал!-ян маххалги цере ккун, нахъеги такрар гьабуна полицияс.

Гьеб лахIзаталда жаниб цо сундулалиго сас бахъана ва гьесул беразда цеве полицияв сукI-сукIун ана.

- Хехго лъуте!-ян Сергей канлъудаса вахчана.

Гьанже хIажатаб жо букIана, кигIан кIваниги хехго гьениса нахъе ин. Вас-васди лъугIана. МахIачил рекIедаса кIулал ричIана. Гьесие кьерхараб зоб роцIана ва жура-гъуран ботIролъ кинаб бергьинеяли лъаларого хенолел рукIарал бакIал пикрабазде хьулгун цадахъ бугеб гьитIинаб канлъи речIчIун букIана, гьел канлъи гьечIеб бецIаб къотIнорехун лъутана.

Цо киналалиго заманалдасан, пештIерабазул гьаракь рикIкIаде рагIизе лъугьана. Бухъулаго гIазугун рахъ-рахъалде хъамулел чуязул пирхи гьоркьоса къотIулеб букIинчIо. Риха-хочи, ахIи-хIур минуталдаса минуталде тIаде цIикIкIунеб букIана. Лъавудаса арав жиндирго гьалмагъасухъ батараб листовкаялъ чиновниказул рахIат хвезабуна.

-ТIолабго сверухълъи чIортоялде гIунтIун хъирще! Ракьулъа рахъунги хиянатчагIи ралагьизе ккела!-ян, хъатикь ккураб цIалги эхеде борхун, команда гьабулеб букIана поручикас.

ТIаде щвараб полициялъул наряд поручикас лъабиде бикьана ва къватIал хъирщизе лъугьана.

Нахъ ралагьун, хадур рачIунел чагIи ругищали халги гьабулаго, МахIачги гьалмагъги лъикIалан рикIкIалъана. Театралдаса гIезегIан рикIкIад бугеб Германиялъул посольствалъул минаялда нахъа лъалхъана гьел. ГIемер свакаялъ хIатIал тIухьилъун церехун росизе кIолел рукIинчIо. Жеги хадуб бугеб хIинкъиялдаса жал тIубан рорчIичIолъи гьезда лъалеб букIана.

-НагIана батаяб, ккезе бахъараб жо бихьанищ?-ян хIухьлахунаго, цIорон дугъдан ругел кверал цоцада лъулъана МахIачица.

-Нилъерго тохлъи ккана. Дора лъалхъичIониги бегьулаан.

-Дие бокьун букIана спектаклялдаса рачIунел гIадамаз листовкаби цIализе. Лъида ракIалде ккезе букIараб дов щайтIан нуцIида нахъги вахчун, хъаравуллъи ккун вугилан.

-Ракьалда хергIанги гIемерлъун руго полициял. Нилъеде чан гьабулаго гьел тIокIаб жоялде регIулел гьечIо,-ян гьурмада квер бахъана Сергейица.

-Дуца щиб досда кьабураб?

- ХIараги ккун наган щвезабуна.

-Гьанже гьезие дагьалги гIассилъизе гIилла щвана. Полицияв чIван вугилан метер гьез тIолабго шагьар хъирщила,-ян нахъеги ургъел ккана МахIачида.

-Дица квеш кьабичIо,-ян карандаги лъулъазабун Сергейица таманча лъорониб бахчана.

**(Хадусеб букIине буго)**

<u>Дозул доба кин бугеб?</u>

# ГIарабазул гIумроялдаса

***Жидерго рукъ, цее тарай гIадан ва водитель ГIарабалъ гьеб бечелъи гуро, букIине кколеб жо буго.***

* Тукабазул ричарухъабаз чIужугIаданалъул суалазе жаваб кьоларо аскIов рос вугони. Гьел кIалъала росгун. ЧIужугIадан жийго ячIун йигони гьейгун кIалъала бадире ралагьичIого. КIвар кьун чIужугIаданалъухъ балагьи гьезул къагIидаялъ чIужугIадан хIакъир гьайи ккола.

* СагIудиязул ГIарабиялда общественнияб транспорт гьечIо, гIодосан щивниги унаро, (гьенир тротуаралги гьечIо). Машина гьечIого цониги чи къватIиве вахъунаро.

* ГIарабиялда инсуца яги росас чIезабуларо чIужугIадан йикIине кколеб куц, гьеб чIезабула королас. ГьединлъидаI къватIие яхъунаго щибай чIужугIаданалъ ретIине ккола абайю (къвалалги руге халатаб горде), гьез рачине бегьуларо машинабиги. Гьелъие ихтияр балагьун тIаде рахъуна руччаби, цо-цо уна машинабиги рачун, амма гьел ккола, лъазабула ва кьола росабазухъе.

* Гьекъолеб жо гьеб улкаялда эркенго бичуларо. Цо-цояз жидецаго бахъула, гьеб релъарабги букIуна унго-унгояб пивоялда. Гьекъолеб жо босизе щола, амма гьеб букIуна кутакалда хираго. Цо-цо мехалъ 60 азарго гъурущалдецин бахуна.

* БакIалъулал руччаби рекерахъдуларо, гьаракь борхун кIалъаларо. Гьез жалго цIунула жаниб багьа хирияб жо бугеб сосуд гIадин, рахъ-рахъалде ралагьулаго. Тукаде гIагарлъулаго чIужугIаданалъ водителасда лъазабула аслияб кIалтIухъ чIа,-ян, гьелдаса хадуб гьелъ росарал жалазул пакетал машинаялда жаниб лъола водителас яги росас ва берцинго жаний гIодой чIезаюла гьей.

* Гьез рикIкIуна жидерго улкаялда жал кутакалда бечедго ругин. Амма гьедин гьечIо. Нилъер пикруялда рекъон гьел квеш гIумро гьабун гьечIо, амма гьаниб кинабго бараб буго бакIалъул гIадатазда. Масала, гIемерисел гIадамаз гIумро гьабулеб буго квартирабазухъ гурел жидерго рукъзабахъ. СагIудиязул гIадамал руго роха-хинлъун рукIунел, амма гьоболлъухъ ахIула къанагIат. КIалъа-басала рукъалда аскIоб гьабураб гьитIинабго беседкая лъур.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 21 (7265)*
*1 Май 2017 сон*

*3 гьумер*

***С а д о в о д***

Страница в номере



# ИНФОРМАЦИЯ




УСЗН в МО «Унцукульский район» информирует что Указом Главы Республики Дагестан от 19 января 2017года № 5 внесены изменения в Указ Президента Республики Дагестан от 31 мая 2007 № 71 «О дополнительных мерах социальной поддержки семей, имеющих детей». В соответствии с вышеназванным Указом право на единовременную денежную выплату при рождении пятого, десятого и каждого последующего ребенка, одновременно двух, трех и более детей будут иметь только семьи, признанными в установленном порядке малоимущими, т.е. имеющие среднедушевой доход ниже величины прожиточного минимума, установленного в РД. За справками можете обращаться по адресу:

**с. Унцукуль, пл. М. Дахадаева, 1 тел: 55 64 83; моб: 8988 7816476 e-mail: uszn-uncukul@mail.ru**

* * *

УСЗН в МО «Унцукульский район» информирует что Федеральным Законом от 3 июля 2016года № 312 –ФЗ внесены изменения в статью 36 Федерального Закона от 29 декабря 2012года № 273-ФЗ «Об образовании в РФ» согласно которым изменен порядок назначения студентам государственной социальной стипендии. В частности, с 1 января 2017 года назначение государственной социальной стипендии осуществляется студентам, получившим государственную социальную помощь по месту проживания (в прежней редакции - имеющим право на государственную социальную помощь). Также определено, что государственная социальная стипендия назначается на один год со дня назначения указанной государственной социальной помощи. Согласно разъяснению, данному Минтрудом РД в письме от 26.01.2017года № 14-04/1-12/449/17 в Республике Дагестан к государственной социальной помощи можно отнести: - ежемесячное пособие на ребенка, - единовременную денежную выплату семьям при рождении ребенка в соответствии с Указом Президента РД от 31.05.2007г. №71, - единовременную денежную выплату на детей, поступающих в первый класс из малоимущих многодетных семей,- социальная доплата к пенсии (через Пенсионный Фонд). Кроме того социальная стипендия в обязательном порядке назначается студентам, являющимся - детьми-сиротами, - детьми оставшимся без попечения родителей, - потерявшим родителей, - детьми-инвалидами, инвалидами с детства, инвалидами 1 и 2 гр., - подвергшихся воздействию радиации, вследствие радиационных катастроф, - студентам, являющимся инвалидами вследствие военной травмы и т.д. В связи с вышеизложенным студенты, которые не относятся к вышеперечисленным категориям с 01.01.2017 года не имеют право на государственную социальную стипендию. За справками можете обращаться по адресу:

**с.Унцукуль, пл. М.Дахадаева,1 тел: 55 64 83; моб: 8988 4682260 e-mail: uszn-uncukul@mail.ru**

**УСЗН в МО «Унцукульский район»**

*Еще раз о серезном заболевании*

# Ранняя диагностика и профилактика туберкулеза

Туберкулез - инфекция известная с глубокой древности и названная «чахоткой», так как заболевшие чахли на глазах, увядали. Это заболевание является хронической инфекцией определенным типом бактерии (Mycobacterium tuberculosis), которая обычно поражает легкие. Туберкулезные микобактерии обладают значительной устойчивостью во внешней среде. В темном месте в мокроте они могут сохранять жизнеспособность в течение многих месяцев. Под действием прямых солнечных лучей микобактерии гибнут через несколько часов. Они чувствительны к высокой температуре, активированным растворам хлорамина, хлорной извести.

**Источником инфекции** является больной человек, больные домашние животные и птицы. Наиболее опасны больные открытой формой туберкулеза легких, выделяющие возбудителей с мокротой, каплями слизи при кашле, разговоре и т. д. Менее опасны в эпидемиологическом отношении больные с туберкулезными поражениями кишечника, мочеполовых и других внутренних органов.

Среди домашних животных наибольшее значение как источник инфекции имеет крупный рогатый скот, выделяющий возбудителей с молоком, и свиньи.

**Пути передачи инфекции** различны. Чаще заражение происходит капельным путем через мокроту и слюну, выделяемые больным при кашле, разговоре, чиханье, а также воздушно-пылевым путем.

Немаловажную роль играет и контактно-бытовой путь распространения инфекции как непосредственно от больного (испачканные мокротой руки), так и через различные предметы обихода, загрязненные мокротой. Пищевые продукты может инфицировать больной туберкулезом; кроме того, инфекция может передаваться от больных туберкулезом животных через их молоко, молочные продукты и мясо.

**Восприимчивость** к туберкулезу абсолютная. Течение инфекционного процесса зависит от состояния организма и его сопротивляемости, питания, жилищно-бытовой обстановки, условий труда и пр.

**Инфекция имеет две стадии**. Сначала бактерии попадают в легкие, где большая их часть уничтожается иммунной системой. Бактерии, которые не уничтожаются, захватываются иммунной системой в твердые капсулы, называемые туберкулы, которые состоят из множества различных клеток. Бактерии туберкулеза не могут вызвать повреждения или симптомы, пока находятся в туберкулах, и у многих людей болезнь никогда не развивается. Только у небольшой части (приблизительно у 10 процентов) инфицированных людей болезнь переходит во вторую, активную стадию.

Активная стадия болезни начинается, когда бактерии выходят из туберкул и поражают другие участки легких. Бактерии могут также попасть в кровь и лимфатическую систему и распространиться по всему организму. У некоторых людей активная стадия наступает через несколько недель после начального инфицирования, но в большинстве случаев вторая стадия начинается только через несколько лет или десятилетий. Такие факторы, как старение, ослабленная иммунная система и плохое питание, увеличивают риск того, что бактерии выйдут за пределы туберкул. Чаще всего при активном туберкулезе бактерии уничтожают ткань легкого и сильно затрудняют дыхание, но болезнь также может затрагивать и другие части организма, включая мозг, лимфатические узлы, почки и желудочно-кишечный тракт. Если туберкулез не лечить, он может быть смертельным.

**Эпидемиологическая ситуация** по заболеваемости населения ЯНАО туберкулезом, не смотря на снижение показателя заболеваемости 2013 года по сравнению с 2012 годом на 18,3 % (на 49 случаев), остается крайне напряженной. Обусловлено это вовлечением в эпидпроцесс с каждым годом увеличивающегося количества детского населения. Показатель заболеваемости детей туберкулезом до 14 лет в 2013 году по ЯНАО вырос на 27, 2 % (на 4 случая), с 8 до 9 случаев увеличилось количество заболевших подростков. За 1 полугодие 2014 года зарегистрировано 8 случаев заболевания туберкулезом детей до 18 лет, в том числе 7- у детей до 14 лет.

Чем раньше диагностируется болезнь, тем больше вероятность того, что ее удастся вылечить. Этот принцип справедлив как для туберкулеза, так и для многих других недугов.

**Методы выявления больных** туберкулезом подразделяются на активные (массовые рентгенофлюорографические обследования, туберкулинодиагностика, исследования мокроты на микобактерии туберкулеза) и пассивные (обследование на туберкулез лиц, обратившихся за медицинской помощью).

**Туберкулинодиагностика (реакция Манту)** - основной метод раннего выявления туберкулеза среди детей и подростков и применяется всем вакцинированным детям с 12-месячного возраста и подросткам до достижения возраста 18 лет систематически один раз в год, независимо от предыдущего результата. Охват детского населения туберкулинодиагностикой в 2013 году по ЯНАО составил 85,4 % (более 18000 детей не были обследованы на туберкулез). Одна из основных причин недостаточного охвата детей туберкулинодиагностикой- отказы родителей от постановки детям реакции Манту. Низким остается и процент дообследования детей и подростков по результатам диагностики.

25.07.2014г. вступили в силу новые СП 3.1.2.3114-13 «Профилактика туберкулеза», утвержденные Постановлением Главного государственного санитарного врача РФ от 22.10.2013г. № 60, в соответствии с п. 5.7. которых: «Дети, туберкулинодиагностика которым не проводилась, допускаются в детскую организацию при наличии заключения врача-фтизиатра об отсутствии заболевания. Дети, направленные на консультацию в противотуберкулезный диспансер, родители или законные представители которых не представили в течение 1 месяца с момента постановки пробы Манту заключение фтизиатра об отсутствии заболевания туберкулезом, не допускаются в детские организации». Согласно п.6.8. санитарных правил: «Подростки, направленные на консультацию в противотуберкулезный диспансер, не представившие руководителю организации в течение 1 месяца с момента постановки пробы Манту заключение фтизиатра об отсутствии заболевания туберкулезом, не допускаются к работе (учебе)».

Профилактика туберкулёза у детей направлена на предотвращение инфицирования и предупреждение развития заболевания. Основные методы профилактики заболевания туберкулёзом у детей - вакцинация БЦЖ и химиопрофилактика. В соответствии с Национальным календарём профилактических прививок вакцинацию проводят в роддоме при отсутствии противопоказаний в первые 3-7 дней жизни ребенка. Вакцина БЦЖ является ослабленным штаммом микобактерий, которые в достаточной мере иммуногены, но у здоровых детей не обуславливают инфицирование. Иммунитет, приобретенный после прививки БЦЖ, сохраняется в среднем 5 лет. Для поддержания приобретенного иммунитета повторную прививку проводятся в настоящее время в 7 лет.

С целью выявления туберкулёза на ранних стадиях подростки и взрослое население проходят флюорографическое обследование не реже 1 раза в год.

Ваше здоровье и здоровье Ваших близких в Ваших руках!

**З. НУРМАГОМЕДОВА**

**Врач**

# **Адабият:** *Поэзиялъул гьумер*



## Их бачIана

Их бачIана хинлъигун
ХарибакIазда тIегьгун
ТIабигIат берцинлъулеб
БатIияб хасиятгун.
Херазе хинаб бакъгун
Балугъазе рокьигун
Рекъараб гьава-бакъгун
Гьайбатаб ретIел-тIехгун.
Их бачIана гьоболлъухъ
Дагьабго заманаялъ,
Зобалазул гьугьайгун
ЧIвахун ралел цIадалгун.
ЦIвабзаз кунчIулеб зобгун
Зурма-кьолол гьаркьалгун,
Гьаваялде роржунел
ХIанчIазул чIиргъи-хъуйгун.

## ЦIар щиб дудаян бице

Дир ракI бикъарав цIогьор
ЦIар щиб дудаян бице,
ТIад буссун гьеб щвечIони
ЦIехон хадуй яхъине.
Берал чалухав лачен,
Щиб росулъа мун кколев,
Махсаро дур батани
Вацал духъе ритIизе.
Сардилъ рештIарав чапар
Чанабилей дун кколей,
Каранда цIаги бакун
Бокьухъе рехун тарай?

## Дир учитель

МухIамад ХIожолаев
Хирияв дир учитель,
Абадиялъ кьижарав
КъучIав нижер мугIалим.
Пелму нижей малъарав
Пумрудул дарсал къурав,
Пададмасул тIабигIат
Нижер чурхдузулъ лъурав.
ЛъикIаб-квешаб малъарав
Лъимерлъи цебе арав,
Инсул бакIалда чIарав
КIоченаро мун дида.
Дур лахIтуги, дур хобги
Хирияб нуралъ цIеги,
ЦIоб гIатIидав Аллагьас
Алжаналде вачаги!

## ШагIирасде аманат

РекIел анищ, хиял загьир гьабизе
РагIул устарзаби, нуж нахъе къаге,
Къадарлъи баччулев чухъа ватани
Чараб хабар бицун гьесда рекъоге.
ХIалихьалъи хIалев хIаким вугони
ХIакъаб калам гьабун лъалхъизе гьаве,
Халкъалъул би цIулел, цIоко бахъулел
ЦIогьорасул рекIелъ рукIкIаби хIунсе.
Эбелалъул малъи лъарай биччалел
Лъимал ругониги насихIат гьабе,
Наслу куцаларел, как-кIал кIочарал
Улбул ратанани тамихIалде цIай.
Щварас-щвараб гьабун тIутIулеб улка
Унелъуй биччаге, рачел къай, шагIир,
Къисмат мекъи ккарал гIолохъабазе
ГIакъло щоларищан шигIраби цIале.
Дурго пикрабиги дурго гIакълуги
Цо-цоязул зурмикь кьурдизаруге,
Кьурас гуронани рухI босуларин
Сункьаго хIинкъуге, хIакъаб абизе!

**Суайбат ХIАМЗАТОВА**
**Рихьуни росу**

..............................................................................................................................................

## *Пайда щибха, мун, гIарац!*

Гарац буго къотIулеб
Гарац буго бикъулеб
Гарацалъул гурони
Бицен гьечIо гьабулеб.

Ургьиб лъимер букIаго
Гарацилан ахIула,
Рокъоб гьеб бачунаго
Магаричан босула.

Яслиялде кьолаго
Гарацилан щурула,
Школалде унагоги
Гарацилан бачуна.

ЕГЭ кьолеб мехалъги
Балал гIолел гьечIилан
Эбел-инсул кодоса
Гарац батIа гьабула.

ВУЗазде лъугьунаго
ЩикIкIун гIарац хIалтIула,
ХIалтIизе восулаго
Ставкайин ахIула.

Кирехун ккананиги
Гарацилан бачуна,
Садакъа бикьулаго
Гарцудехун гьетIула.

ЯхI-намусги хатирги
Бичун босулеб буго,
РитIухълъиги, чилъиги
Санго гьабулеб гьечIо.

Гарац буго гаргалеб
Гарац буго хьвадулеб,
Гарацалъул гурони
ГьечIо даран гьабулеб.

Гьабищха нилъей щвараб
Умумазул васигат,
Гьабищха нилъецаги
Наслабазухъе кьелеб?

Пайда щибха, мун, гIарац
Малакьги лъун мерхьине,
Пайда щибха, мун, гIарац
Щадабги лъун бухIизе.

Я. БетIергьан, БетIергьан,
Халкъалъулго БетIергьан
Мун кIочене гьабулеб
Гарац щайха бижараб?!

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**



## *Дун тIад вуссун гьечIо*

ЧанцIул швананиги, шун вуссаниги
Дун Дагъистаналде вуссунев гьечIо,
Доб МугIалаялда ГIободиясул
Хобалда хьолбохъ чIун ватула макьилъ.
Гъазават камилав, гъалбацI Шамилгун
Харбида вихьула Мадинаялда,
ХIабиб жанив вугев ГIаишатил рукъ
Рукьбалъги гьаналъги буго дир бессун.
Дун тIад вуссун гьечIо, дун дова вуго
Киназдаго гьоркьов тIаваф гьабулев,
Сафаялде гьелун, Марваялде щун
ХIарам мажгиталда гIибадаталда
Дир какги, дир кIалги, дир гIибадатал.
Маккаялда буго, ХIабиб гьавураб,
Гьабулеб садакъа, сайгъат, гьадият
Гьебги доба буго, хIал кIолев Аллагь.
Дун вуссунеб свери КагIба рукъалда
Дица ралел какал дур мажгиталъуб,
Дун тIад вуссун гьечIо, дун дова вуго
Дунялго хIайранаб, ГIараб ракьалда.

## Къуват кьеги Аллагьас

Бакъул кунчIи цIикIкIани, накIкIазул къуват хола
Къуват кьеги Аллагьас, улка бацIад гьабизе,
РекIелъ иман бугесе Аллагьас тавпикъ кьола
Кьеги дуй бергьенлъаби, тIекълъи къине гьабизе.
Нилъер Дагъистаналъул имамзабазул чотIролъ
Аллагьас хъвайги дур цIар, къадрояв магIарулав,
Намус гIарцухъ бичичIев, рекIеда чаран бугев,
Дагъистан хвасарлъизе Бичас витIарав вакил.
Лъебелазул рохьазда чан гьабун ругьунаб цIум
ЦIцIан рахъе тIаса цIакал, гьал цIиял «пиргIаназул»,
Путин даци дуцаги, битIе чараб вертолет
Хъирис барал хъурмазул, цойгиги рейс гьабизе.
Рамазан мун чучуге, ГIалибег мунгун вугин,
Халкъалъул рахъ ккунани, кколин нуж Аллагьасги,
Иман бугезул рахъ ккун, кидаго цере ине
Аллагьас сахлъиги кьун, хутIаги рохалида!

## ГIодуге руччаби

ГIодуге руччаби, дир магIирокъоб
РакI бухIичIеб гIоди мукъсанаб магIо,
Воре къварилъуге къваридал къояз
Дие къо баччичIел зонол ракьанда.
ГIодуге гIадада гIадатги гьабун
Бугебги гьечIебги магIилъги ахIун,
Нуж гIоде гIадамал гIаданлъи тарахъ
МугIрул кIочон тарал тавулдабазухъ.
Нуж къварилъе, вацал, арабги какун
ЦIияб гIуцIуларел гьал алигархахъ,
ГIоде рачIел какахъ, кквечIел кIалазухъ
ГIоде тавбу гьабун, Бичасда цере.

## МахIмудиде

ХъахIабросолъ ралел роччарал цIцIадал
Рокьи тIубачIезул магIо батила,
МугIрузда гьогьенги гьаб гьава-бакъги
ГIищкъу бергьаразул хIохьел батила.
Карпаталъул солдат, сариназул хан
ГIелмуялъул ралъад, авар Новаи
Рокьул къисабазул ритIухъав къайсар
Мун шагIирзабазул даимав дарс чи.
ТIекъаб къарнуялъул ритIухъав вакил
Гьаб дир тIалъиялда тIадчагIазе заз,
Адабияталъул ахида жаниб
Хвел гьечIеб лъалкI тарав хъахIабросулъев.
«Бичун чохтIо къалеб къагIида» беццун
Мун цевеса индал ахIичIо сарин,
«Соролел лугбазул гIакъубаялъул»
ГIарз бахъун кIалъалел гьечIо поэтал.
Дур хвел гьечIеб кочIол чIагояб гьаракь
Аваристаналда буго тIибитIун,
Дур бацIадаб рокьул кици-биценал
Бицаде хутIана магIарулазе.

## Бекьилъ

ШагIирасул къилба, къайисил кагIба
Муи жаний гIураб сагьвилаб тIалъи,
Хиянатаб рокьи тIубачIеб гIишкъо
Къанабакь букъараб заназул росо.
Бакъуй керен кьурал дур рагъабазул
ГанчIил къадал риххун, чIудби лъугьана,
Кибго цIар рагIараб бекьдерил росо
Дур сухъмахъал руго гIеруде сверун.
Лъел цIолеб къулгIадухъ къапила гьабун
Рихьуларо ясал гъежтIа гIертIалгун,
Нахъа гуржиялъе чабхъад хьвадарал
Дур бахIарзазул цIар гьечIо цIалулеб.
ГIинтIа байзе гьабун хъурайсинги лъун
Поэт вихьуларо дур санабазда,
«Цо панаяб хIухьел бухIулеб рекIел»
ТIокIалъ ахIуларо гьаниб гIашикъаз .
Гьалдолеб цIаялъул цIураб каранзул
Кагъат кодой кьезе, гьечIо чи хутIун,
ШагIирасул къилба, къайисил кагIба,
Дур цIар гIасрабазе тана поэтас.

## *ИнкIкIвалитIа*

Бекьдерил щобдасан, шолеб багIар бакъ
Шола саламги кьун, дир ИнкIкIвалитIе
Доб Гьамури шобилъ бакъанил гIужалъ
Дуй къо-лъикI гьабула тIерхьунеб бакъалъ.
Бакълъада мокъокъаз, хьонда чундуца
Дур тIабигIаталъул босула лазат
Дур цIорорал иццал, даруял хурдул
ТIалъиго бахилал дур накIкIил рохьал.
Мун чанцIул бихараб, чанцIул гIуцIараб
ХIалиматил ВатIан, баракатаб ракь
ХIабибас гIарабалъ Мадина гIадин
ГIободияс тIаса бищараб росу.
РухIаниялилан большевикаца
РухIана дур васал, тIаде нартги шван,
Ленинил ирсилаз буюрухъги кьун
ЧанцIул мун бихараб, гIагараб ВатIан
Хъулухъал хирияз, рекьи чIалгIараз
КьечIо дуе рокьи умумазул ракь,
Ракьул бутIа гьечIез, бокьоб панз гьечIез
БестIал лъимер гIадин, тана мун рехун.
Мун дие бокьулеб ракьалъул бутIа
БатIияб букIуна дир дуде рокьи,
Мун дие хирияб, гIагараб росу
Дуй гIоло рухI кьела кьезе кканани.

## Гьале хъахIлъана бетIер

Жакъа бана лъабкъого, тIаде анкьгоги жубан
Гьале хъахIлъана бетIер, хъал букIкIана черхалъул,
Гьале дун шолев вуго дирго щобил тIогьиве
Гьале дун унев вуго цере аразда хадув.
БукIана дирги заман, букIана дирги завал
БукIана гIолохъанлъи, гIадло-низам дурусаб,
ЧIахIиязул адабги гIисиназул хатирги
ГIумродул дарслъун лъвараб, букIана гIолохъанлъи.
БукIана дирги рокьи иццул лъимгIан бацIадаб,
Балагьиги букIана шагьри-моцI гIан роцIараб.
Харабазул насихIат нижей закон букIана
Умумузул малъа-хъвай гIумрудул нух букIана,
Гьале херлъигун цадахъ тIаде щвана замана
Ахирзаманайилан дол умумуз бицараб.
ГIадло-низам бихараб, биха-хочи гIемераб
ИяхI гьечIел лъималаз, эбел-эмен зурулеб,
ХIакимазул зулмуги залимазул хъачIлъиги
ГIадлулъун билъанхъараб, бида белъараб гIасро.
Эркенлъиян цIцIарги лъу,н бата-батараб гьабун
Инсанас бацIил гIамал, гIумродул нухлъун ккураб.
Низам гьечIеб базарги, базар лъвараб улкаги
Улкаялъул тIадчагIаз хIулулеб захIмат халкъги,
БутIрул гьечIел бутIруца гьабулеб бетIерлъиги
ГIиял рехъен хьихьизе, тIамун гIангур-бацIалги.

**ГIабдула**
**МУХIАМАДГIАЛИЕВ**
**ХъахIабросо**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация МО
«Унцукульский район»

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:

Унцукульский район
пос. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3

Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru

368940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 4. 30. 17 г. 19. 30
фактически -20. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.